

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun di kelas VII-A MTsN Sindangsari Kabupatén Kuningan taun ajaran 2012/2013, bisa dicidekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC dina pangajaran maca carita pondok dilaksanakeun dina dua siklus. Dina siklus I kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran anu geus ditangtukeun. Kaaktipan, antusias siswa nalika maca carita pondok jeung prosés pangajaran sacara umum geus bisa diungkulan, tapi nalika guru ngabagi kelompok, jeung pamahaman siswa dina nangtukeun unsur-unsur intrinsik carita pondok masih tacan maksimal. Aya sababaraha siswa nu ngarasa éra jeung loba heureuy nalika ngerjakeun pancén kelompok nu ngabaluarkeun kurang éféktifna kagiatan pangajaran. Dina siklus II kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran anu geus ditangtukeun. Kagiatan pangajaran karasa leuwih éféktif dibanding kagiatan pangajaran dina siklus I. Siswa geus teu éra deui jeung leuwih seurius nalika ngerjakeun pancén kelompok sarta siswa bisa nangtukeun unsur-unsur intrinsik dina carita pondok.
- 2) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC bisa ngaronjatkeun hasil diajar maca pamahaman carita pondok siswa. Ieu hal bisa katitén tina ngaronjatna hasil diajar siswa ti mimiti tés pra-panalungtikan, tés siklus I nepi ka tés siklus II. Hasil diajar maca pamahaman carita pondok siswa dina pra-panalungtikan aya 6 urang siswa (15%) asup kana katégori tuntas, sedengkeun 34 urang (85%) asup kana kategori tacan tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina pra-panalungtikan nya éta 54. Dina siklus I aya 24 urang siswa (60%) anu asup kana katégori tuntas, sedengkeun 16 urang siswa (40%) asup kana kategori tacan tuntas. Rata-rata peunteun nu dihontal ku siswa dina siklus I nya éta 76,7. Hasil diajar

siswa dina siklus II nya éta 100% atawa kabéh siswa tina 40 urang asup kana kategori tuntas. Rata-rata peunteun nu dihontal ku siswa nya éta 91,3.

- 3) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC bisa nyiptakeun suasana diajar anu pikaresepeun. Ieu hal katitén dina partisipasi jeung aktivitas siswa anu ngaronjat dina unggal siklus. Dina siklus I, siswa geus mimiti daria jeung serius pikeun maca carita pondok, siswa geus mimiti aktif pikeun méré kontribusi dina kelompok (CIRC) pikeun ngadiskusikeun atawa nangtukeun unsur-unsur intrinsik nu nyampak dina carita pondok nu dibaca. Lian ti éta, kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun ogé geus kawilang éféktif jeung pikaresepeun, lantaran ku cara nyieun kelompok leutik, waktu leuwih éfisién. Sanggeus siswa maca carita pondok, tuluy ngeusian soal tés pikeun nguji pemahamanna ku cara diskusi jeung babaturan sakelompokna, tuluy merséntasikeun hasil jawaban kelompokna dihareupeun babaturan nu séjén (kelompok séjén). Dina siklus II, siswa bisa leuwih aktif dina méré kontribusi nalika diskusi jeung babaturan sakelompokna nangtukeun unsur-unsur intrinsik nu nyampak dina carita pondok nu dibaca, pangajaran bisa leuwih éféktif jeung pikaresepeun siswa lantaran waktu henteu loba kacontang. Siswa leuwih kondusif nalika pangajaran lumangsung.

## 5.2 Rekomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran maca carita pondok kalawan ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC, aya sababaraha rékomendasi saperti ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan, modél pangajaran kooperatif tipe CIRC bisa digunakeun salaku alternatif modél pangajaran nu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok atawa dina kamampuh maca nu séjén.
- 2) Guru kudu leuwih kréatif dina kagiatan pangajaran sangkan siswa leuwih sumanget jeung leuwih fokus nalika pangajaran lumangsung sarta guru kudu bisa nyiptakeun suasana diajar nu pikaresepeun. Salah sahiji carana nya éta ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

- 3) Dipiharep ayana panalungtikan séjén ngeunaan larapna modél pangajaran kooperatif tipe CIRC dina matéri maca pamahaman carita pondok atawa matéri pangajaran lianna.

